# ALALIYA SÓYLEW NUQSANÍ BOLǴAN BALALARDA SÓYLEW ISKERLIGIN QÁLIPLESTIRIW USÍLLARÍ

**Z.Ajimova** – *oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanısh so'zlar:** alaliya, sensor alaliya, motor alaliya, korreksiya, boshmiya qobigi markazlari, fonetika-fonematika buzılıshlar, mayda qo'l motorikasi.
**Ключевые слова:** алалия, сенсорная алалия, моторная алалия, коррекция, кора больших полушарий, фонетико-фонематические нарушения, моторика мелкой руки.
**Key words:** alalia, sensory alalia, motor alalia, correction, cerebral cortex, phonetic and phonemic disorders, fine hand motility.

Alaliya – balanıń ana qarnında yaki dáslepki rawajlanıwı basqıshında sóylew qáliplesiwine shekem bas miy qabıǵı sóylew sheńberiniń organikalıq jaraqatlanıwı aqıbetinde úzliksiz rawajlanbay qalıwı bolıp esaplanadı.

Bir qatar alımlardıń (R.Koen, A.Guttsmon, E. Freshels) izertlewlerinde alaliyalı balalarda sóylew nuqsanınıń kelip shıǵıwı balanıń ana qarnında yaki rawajlanıw basqıshında ayazlaw yaki alimentar–trofikalıq zat almasıwınıń patologiyalıq processi nátiyjesinde kelip shiǵadı dep kórsetken. A. Treytel (1901) pikirinshe, alaliya dıqqat hám yadtıń jeterli emesliginiń nátiyjesi bolıp tabıladı.

A.Libman (1901) alaliyada sóylewdiń tolıq emesligi intellektual jetispewshilik penen baylanıstıradı. A.Iving (1963) balalarda sóylewdiń tolıq rawajlanbaǵanlıǵı tiykarında sózdiń motor obrazı joqlıǵın miy buzılıwlarına baylanıstırıp kórsetedi.

M.Zeeman (1962) "Sóylew bas miy oraylarınıń buzılıwınıń nátiyjesinde rawajlanbaydı" – dep tastıyıqlaydı [1]

Demek, alaliya sóylew nuqsanı bolǵan balalarda sóylewdiń qopal buzılıwı, yaki ulıwma sóylewdiń bolmaslıǵı, barlıq leksikalıq-grammatikalıq qurılıs aspektlerinde kemshilikler baqlanadı: sózdi tańlaw hám onıń izbe-izligi, bayan etiwdiń ses dúzlisi hám t.b. Bul bolsa psixo-fiziologiyalıq mexanizmlerdiń qáliplespegenligi sıpatında júzege keledi.

Balalarda alaliya sóylew nuqsanınıń kelip shıǵıwına sebepler kóp. Balanıń ana qarnında waqtında ananıń hár qıylı kesellikler menen keselleniwi, hámile gipokciyası, hámile ishi infekciyası, toksikoz, hámledar hayaldıń jıǵılıwı nátiyjesinde jaraqatlanıwı, sonday-aq tuwılıw waqtındaǵı patologiyalar, tuwılıw paytında jaraqatlanıwı, bópeniń asfikciyası, shala tuwılıw, bas miy patologiyaları alaliyaǵa sebeplerden bolıp tabıladı. Erte jas dáwirinde alaliyanıń kelip shıǵıwına balanıń sóylew kónlikpeleri qáliplespegen dáwirinde balanıń kesellikler menen keselleniwi: meningit, insefalit, oraylıq nerv sistemasınıń gitrofiyası (kishireyiwi), somatik kesellikler sebep bolıwı múmkin. Ulıwma alǵanda alaliya sóylew nuqsanınıń kelip shıǵıwına bir neshshe faktorlar sebep bolıwı múmkin.

Bas miy yarım shanı qabıǵınıń rawajlanbaǵanlıq dárejesi qanshelli úlken bolsa, sóylew iskerliginiń qáliplespegenligi sonshelli tereńirek, qopalıraq boladı. Artikulyar praksistiń buzılıwı hám sóylew háreketleriniń shólkemlestiriliwi ortasında tuwrıdan-tuwrı baylanıslılıq bolıp, nátiyjede sóylewdiń fonetikalıq sisteması, bir tárepten sóylewdi qabıl etiw, túsiniw menen alıp barıladı.

Búgingi kunge kelip, sóylewdegi bul nuqsannıń júzege keliwinde bas miy yarım shanı qabıǵınıń sóylew oraylarınıń jaraqatlanıwına qarap eki túrge bólip úyreniledi:

-motor alaliya, bunda bala basqalardıń sóylewin túsinedi, biraq ózi sóyley almaydı. Demek bunda bas miy yarım shanı qabıǵınıń Broke orayı zaqımlanǵan boladı, Motor alaliyalı balalardıń sóz zapası áste rawajlanadı, buzılǵan halda, sóylew ámeliyatında natuwrı qollanadı;

-sensor alaliyada bala basqalardıń sózin esitsede tolıq túsinbeydi, seslerdi analiz hám sintez ete almaydı. Bunda Vernike orayı zaqımlanǵan boladı. Sensor alaliyalı balalar sóylew iskerligi derlik júdá kesh rawajlanadı.

Alaliya sóylew nuqsanı bolǵan balalarda sóylew sistemasınıń rawajlanıwı sıpat hám muǵdarlıq ózgesheligi menen klassifikaciyalanadı, bul barlıq balalarda sóylew rawajlanıwınıń hár bir basqıshında málim dárejede belgili boladı [2].

Alaliya sóylew nuqsanın balalarda sóylewdiń joqlıǵı yaki sóylewdegi qopal nuqsanlar menen bir qatarda sáylew menen baylanıslı bolmaǵan psixo-nevrologiyalıq jaǵdaylar arqalı ańlaw múmkin boladı.

Nevrologiyalıq belgiler háreketdegi kemshilikler, móljel alıw buzılıwları, qol barmaqlarınıń háreketi jaqsı rawajlanbaǵanlıǵı: mısalı ápiwayı kiyimniń sádeplerin ildiriwge qıynalıw, pazıl hám mazaykalardı jıynawda qol barmaqlarınıń ebeteysizligi, ayaq kiyiminiń bawların ıqsham baylay almaslıq kiredi.

Psixologiyalıq belgilerge dıqqattı jámley almaslıq, yadtıń pásligi yaǵnıy esitken nárselerin eslep qala almaslıǵı kiredi. Bunday balalar giperaktiv (háreketsheń) yaki ulıwma gipoaktiv (kem háreket) boladı.

Alaliya sóylew nuqsanı bolǵan balalardı álbette birinshi náwbette nevropatolog kóriginen ótkeriledi. Logoped kórigi balanıń tuwılıw perenatal, natal hám postnatal dáwirlerindegi jaǵdayı, patologiyalıq kesellikleri haqqında anamnez jıynalǵannan keyin ótkiziledi.

Alaliyanıń hár qanday kórinisinde dawalaw kompleks tárizde, yaǵnıy psixologiyalıq-medikomentoz-pedagogikalıq tárepleme alıp barıladı. Sonday-aq, alaliya ulıwmalıq sistemalı sóylew nuqsanı ekenligin esapqa alıp, onıń sóylew qábiletiniń hár qanday tárеplerine itibar qaratıladı, yaǵnıy sózlerdi payda etiw, olardı durıs qabıl etiw, sóylew processin durıslaw, sóz baylıǵın asırıw, sózlerdiń grammatikalıq dúzlisin durıslaw, fonetika menen baylanıslı mashqalalardı saplastırıw sıyaqlı process bolıp tabıladı. Jumıs barısında hár túrli usıllar, metodlar qollanıladı. Usıllar óz aldına emes, al, birgelikte alıp barılıwı kerek. Korrekciyalaw (dúzetiw) isiniń mazmunı hám wazıypaları balanıń sóylew qábiletine qarap belgilenedi.

Korrekciyalaw birinshi náwbette sóylew iskerligi mexanizmlerin jaratıwǵa qaratılǵan bolıwı zárúr: motiv, kommunikativlik niyet, sóylewdiń ishki dásturi, onıń leksikalıq jaylasıwı, leksikalıq hám grammatikalıq qurallardı tańlaw arqalı grammatikalıq dúzilis qáliplestiriledi. Sóylew ámeliyatın bayıtıw ushın bilimlerden ańlı paydalanıw kónlikpeleri qáliplestiriledi, sóylew operaciyaların modellestiriw tájriybesi rawajlandırıladı.

Logoped shınıǵıwlarında bala menen artikuliyacıyalıq shınıǵıwlar, dem alıw shınıǵıwları, logopediyalıq massaj, logoritmikanı hám mayda qol motorikasın rawajlandırıwshı shınıǵıwlar tiykarında alıp barıladı.

Alaliyanıń hár túrli kórinislerinde balalardıń erte dáwirlerde jazıw, oqıw sıyaqlı sıyaqlı kónlikpelerdi qáliplestiriw kerek boladı. Sebebi oqıp úyreniw, jazıw balalardıń sóylew qábiletinn rawajlandırıwda úlken rol oynaydı.

Alaliya sóylew nuqsanın erte jastan anıqlanıp, dawalaw processi erte baslanıwı onıń nátiyjeli bolıwın támiynleydi, yaǵınıy 3-4 jasqa shekem. Balanıń barlıq kemshilikleri, psixo-emocional, sóylew, háreketdegi kemshiliklerdi saplastırıw, kesellikten pútkilley qutılıp, balanı normal jaǵdayǵa alıp keledi.

Alaliya menen balalar kesellenbewi ushın hámiledar hayallar ózlerine kóbirek itibar qaratıwları kerek. Bunnan tısqarı jas balalardıń sozılmalı kesellikler menen keselleniwiniń aldın alıw kerek.

Alaliya sóylew nuqsanı bolǵan balalarda sóylew iskerligin qáliplestiriwdi tómendegi funkcional testler arqalı ámelge asırıw múmkin: bir qatar súwretler tiykarında gúrriń dúziw hám tamamlanbaǵan gáplerdi toltırıw.

Bir qatar syujetli súwretler tiykarında gúrrińdi dúziw, balanıń izbe-iz suwretler seriyasına tiykarlanǵan izbe-iz tekst qurıw qábiletin bahalaw imkaniyatın beredi. Balaǵa súwretler izbe-izligin olarda kórinetuǵın hádiyselerdiń rawajlanıw logikasına muwapıq anıqlaw usınıs etiledi. Ol bul jaǵdaydıń tiykarǵı belgilerin tabıwı, syujet gipotezaların ilgeri súriwi hám olardıń qadaǵalawın ámelge asırıwı kerek. Eger kerek bolsa, úlkenlerge de súwretlerde keltirilgen gúrrińniń mánisi haqqında sorawlar beriledi.

Tamamlanbaǵan gáplerdi diagnostikalıq qural retinde toltırıw balanıń gápti tuwrı dúziw qábiletin "sebebi" hám "eger" sıyaqlı baylawlardan paydalanǵan halda dúziwi bahalawǵa qaratılǵan boladı. Tárbiyashı gaptiń basın oqıydı, balalar bolsa aqırı haqqında oylaydı.

Galperin metodikası kishi mektep jasındaǵı oqıwshılar tárepinen tekstti tekseriwde óz-ózin baqlawdı úyreniwdi názerde tutadı. Bala oqıtıwshı usınıs etken tekstti oqıp shıǵadı hám ondaǵı grammatikalıq qátelerdi jazba túrde dúzetedi. Tekseriw aqırında ótkerilgen waqıt hám dúzetiw waqtında balanıń minez-xulqı belgilenedi [3].

Tek ǵana sóylew ǵana emas, bálki sóylew bolmaǵan buzılıwlarda jeńip ótiledi; analiz, sintez, dıqqat, qabıl etiw, ulıwmalastırıw, qarama-qarsılıq processleri rawajlanadı, olar birgelikte sóylewdiń rawajlanıwı ushın zárúr fundamentti shólkemlestiredi. Balaǵa ob'ektlerdi forması, ólshemi, reńi boyınsha ajıratıw, ataw hám sistemalastırıwǵa úyretiledi, bunıń ushın hár túrli oyınlar qollanıladı. Ob'ekttiń ornın basqalarǵa (joqarıda, ortada hám basqalar) salıstırǵanda anıqlaw hám atawǵa úyretiledi. Vizual qabıl etiw hám keńislikte salıstırıwdıń qáliplespegenlegen saplastırıwda, waqtınsha hám keńislik túsiniklerin qáliplestiriwde balanıń keńislikteǵı háreketi, jónelisli júriw hám basqalar menen oyınlar qollanıladı. Figuralardıń detalları hám olardıń anıq kórinisin parıqlaw boyınsha isler alıp barıladı, kóp sanlı elementlerge iye bolǵan quramalı figuralar analiz etiledi, konstruksiyalardı túsiniw hám proektlew qábileti rawajlandırıladı. Sóylewsiz materialdı analiz etiw, sintez etiw, ulıwmalashtırıw operatsiyaları (salıstırıw, izbe-iz jaylastırıw, qarama-qarsılıq, obektlerdiń uqsaslıqları hám parıqların anıqlaw, belgileri boyınsha salıstırıw - reń, ólshem, forma), sebep-aqıbet múnásibetlerin ornatıwdı qáliplesiwi ushın zárúr shart-sharayatların jaratadı.

Muzıka, sóz hám háreket túrli shınıǵıwlarda qosılıp, qural hám sóylew-háreket iskerligin, yadtı qáliplestirgende, balalardıń ritmikalıq, sóylew hám jeke rawajlanıwındaǵı boslıqlardı támiyinlegen halda, sóylewdi rawajlandırıw ushın ritm hám logoritmnen paydalanıw nátiyjeli boladı.

Sóylewdi rawajlandırıw ushın balaǵa qolay dárejede qarım-qatnastı shınıqtırıw kerek: individual sózler (kórset, tákirarla, atın ayt), mánislik kontekst penen birlestirilmegen frazalar menen operatsiyalar (sorawlardı túsiniw, olarǵa juwaplardı keńeytirilgen formasında), frazalıq material menen, bala ushın sezimlik hám semantik áhmiyetke iye jaǵday fonında birlestirilgen semantik kontekst (oyınshıq sorań, iskerlik túrin tańlań hám t.b), tanıw súwret penen, dialogik oyınlardan paydalanǵan halda oyınlar. keyin monologik sóylew, vizualizatsiyaǵa tayanǵan halda hám olsız hám t.b. Leksikalıq hám grammatikalıq materialdıń kólemin hám qıyınlıǵın áste-aqırın ámelge asırıw lazım.

Sóylew ústinde islew balanıń predmetli-ámeliy iskerligi menen baylanıslı bolıp, oǵan tiykarlanadı. Balada óz háreketleri (men otıraman, júremen, kóteremen) hám basqalardıń háreketleri (ol otıradı, júredi, kóteredi; top jıǵıldı; svet janadı) ańın rawajlandıradı. Balanıń sóylew qábiletleri rawajlanıwı menen olar orınlaǵan háreketler processinde, tamamlanǵan (esabat) hám kelesi (rejelestiriw) háreketler haqqında izbe-iz hám tolıq túsindiriwler bildiriwge úyretiledi.

Aktiv itibardı, túsiniwdi tárbiyalaw arqalı logoped balanı frazanıń aqırına shekem dıqqat penen tıńlawǵa, leksikalıq hám grammatikalıq formalardıń sayaların, túrli tema múnásebetleri jasırınǵan sorawlardı túsiniwge úyretedi (Olar ne jeydi? Olar ne isleydi? Kim qolların juwdı? Kimniń qolları taza boladı? "Nege olar qolların juwadı? Ne menen juwadı? hám t.b). Balalarda leksikalıq hám grammatikalıq formalardan paydalanıw, intonaciyalar, múnásibetlerin túsiniw, túrli birikpelerdegi só'zlerdiń baylanıwı, awızeki hám grammatikalıq sistemalar izbe-izligi haqqında ańlı baqlaw rawajlanadı.

Túrli analizatorlardı birgelikte qollanıw áhmiyetli bolıp olardan: esitiw, vizual, taktil. Bala baqlawı, qanday da bir nárse yaki háreket atamasın tıńlawı, belgilew yaki maqset ima-isharasın etiw, onı ózi ataw hám basqa. Bunıń nátiyjesinde bala ańında qosımsha baylanıslar payda boladı, material jáne de bekkemlenedi.

Jumıstıń oyın forması qollanıladı, sebebi ol qızıǵıw oyatadı, qarım-qatnasqa bolǵan ıqtıyajdı keltirip shiǵaradı, sóylewdegi eliklew, qarım-qatnas kónlikpelerin rawajlandırıwǵa járdem beredi, sezimlik tásir kórsetedi, biraq bazı hallarda bunday balalarǵa arnayı úyretiliwi kerek. Sebebi, olarda oyın háreketleri qáliplestirilmegen bolıwı múmkin.

Jumıstıń nátiyjeliligi sabaqlardıń kórgizbeli materiallar menen úskeneleniwine baylanıslı. Belgiler, atirap-dógerek materialları, súwretler, háreketlerdiń awızeki ańlatıwı hám basqalar isletiledi.

Jumıs basqıshına qaramastan, tásir sóylewdiń pútkil sistemasına qaratılǵan: keńeytiriw, sózlikti anıqlastırıw, frazalı hám izbe-izlikte sóylewdi qáliplestiriw sóylewdi qáliplestiriw, ses aytılıwın dúzetiw, biraq hár bir basqıshında ózine say wazıypalar hám sostavınıń ózgeshelikleri. isleri óz aldına ajratılǵan.

Jumıstıń birinshi basqıshında tiykarǵı nárse sóylew iskerligin tárbiyalaw, túsiniw hám kóbeytiriw ushın qolay bolǵan passiv aktiv sóz baylıǵın qáliplesiw bolıp esaplanadı. Dialog ústinde jumıs alıp barılıwı kerek, kishi ápiwayı gúrriń, ulıwma bolmaǵan, keyin keń tarqalgan gápler, sóylew iskerligi ushın psixo-fiziologiyalıq shártler hám qarım-qatnas sharayatında baslanǵısh kónlikpeler qáliplestiriledi.

Ekinshi basqıshında frazema sóylew sózliginiń quramallasıwı hám gáptiń dúzilisi fonında qáliplesedi. Gáplerdi bólistiriw, olardıń grammatikalıq dúzilisi, dialog hám súwretlew xarakterindegi gúrriń ústinde jumıs alıp barıladı, gápler sóylew háreketiniń tiykarǵı birlikleri sıpatında qáliplestiriledi.

Úshinhi basqıshında tiykarǵısı izbe-iz sóylewdi qáliplestiriw - ásirese quramalı kommunikativ iskerlik, kommunikativ ko'nlikpeler, grammatikalıq sistemaların avtomatlastırıw. Hár bir basqıshında sóylew iskerliginiń barlıq tárepleri qáliplesedi.

Demek, alaliya sóylew nuqsanın korrekciyalawda basqıshpa-basqısh alıp barılatuǵın korrekciyalıq-logopediyalıq shınıǵıwlar izbe-izlikte hám hár-túrli usıllar, oyınlar: háreketli, saxnalastırılǵan oyınlar jánede logo massaj, logo ritmika arqalı ámelge asırılsa maqsetke muwapıq boladı.

## Ádebiyatlar


1. Ayupova M. Logopediya. O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti jamiyati. – Toshkent: 2009, 195-b.
2. Волкова Л.С. Логопедия: учебник для студ. дефектол. фак. пед. высш. учеб. заведений. 5-е изд., перераб. и доп. - М.: «Владос», 2006.
3. Гальперин П.Я. Экспериментальное формирование внимания. -М.: Изд-во Московского университета, 1974, -С. 97.



**REZYUME.** Maqolada alaliya nutqi buzilishi bilan og'rigan bolalar haqida, ularning nutqi va harakat rivojlanishidagi farqlari, nutq terapiyasi - tuzatish mashqlari yordamida kamchiliklarini bartaraf etish yo'llari haqida so'z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается про детей с речевым нарушением алалия, о их различиях в речевом и моторном развитии и о способах устранения у них недостатков с помощью логопедических-коррекционных упражнений.

**SUMMARY.** The article tells about children with alalia speech disorder, about their differences in speech and motor development, and about ways to eliminate their shortcomings with speech therapy-corrective exercises.